Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 28 (7220) 15 Июль Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

Экстремизм-тероризм

## Гъачагълъиялъе нухал къазин



**Араб анкьалда РДялъул БетIерасул кумекчи, РДялъул МугIрузул районазул территориалияб округалъул АТКялъул аппаратлъул вакил Сайпудин Сайповасул гIахьаллъигун гьал къоязда терроризмалде-экстремизмалде данде чIараб хасияталъул хьвадулеб данделъи тIобитIана районалда. Гьелъулъ аслияб бутIа лъуна обществениияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ район администрациялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас, гIолилазул, спорталъул ва туризмалъул хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастановас ва районалъул АТКялъул специалистаз.**

Совещаниялда бицана дагьаб цебегIан бакIалъулаб ихтияр цIуниялъул органазул блокалъ гьабураб тадбиралъ Генуб росулъ батараб ва къватIиб чIвазабураб, ц1ик1к1араб къадар ярагъ бахъараб тайникалъул. Гьединлъидал бакIалъулал гIадамазда лъазабулеб буго хьвай-хьвагIай гьечIеб, законияб гуреб куцалъ цIунараб ярагъгун гьелъул жал, кьвагьизарулел жал гьарулел вещеcтваби нужго разилъун нахъе кье,-ян. С. Сайповас данделъа-разда бицана РДялъул БетIер Р. ПабдулатIиповас нужеда лъазабеян тIад къан бугин **Унсоколо ракьалда Россиялъе чияраб терроризм-экстремизм тIибитIизабиялъулъ кигIан гьитIинабги бутIа лъолел, халкъалъе балагь, кьварилъи босун бачIунел гIиси-бикьиналцин гIахьаллъи гьеб ишалъулъ бугел бакIал тIуранго тIагIинаризе кколин ва щибал подразделениязда-организациязда гьезда данде гьабулеб хIалтIи кутаклъизабизе кколин.**

Ахиралда РДялъул БетIерасул кумекчигун цадахъ ХарачIи росдал гIадамазулгун профилактикиял магIнаялъул гара-чIвариял гьаруна, гьезул суалазе жавабал кьуна.

## Хъизаналъул къо!

**Хириял Унсоколо районалъул жамагIат!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда гьайбатаб праздник ТIолгороссиялъул хъизаналъул, рокьул ва хисунгутIиялъул праздник.



Жакъа нилъ цIидасанги тIад руссунел руго кидагосел хазинаби - хъизаналъулал идеалазул щивав чиясул гIумруялде бугеб кIваралде. Кинал-го заманабазда хъизан букIана ва буго батIи-батIиял гIелазулгун бухьен кколеб звенолъун, рухIиябгун миллияб ва культуриял гIадатал цIунулеблъун. Ни лъер щивасе гьеб буго – гIумро гьабиялъул аслияб мугъчIвалеб бакIлъун. Эбел-инсул ва лъималазул тIалаб гьабун, чIахIияб гIелалъул, гIага-гIунтIаразул адаб гьабун, гIумро бачунаго гьеб ккола нилъер обществалъул къучI. Бокьарав чиясул гIумру байбихьула хъизаналдасан, гьенив гIола гьев инсанлъун ва хъизан ккола кибго гьесул мугъчIвалеб къуват. Кинабго рахъ битIараб хъизан абуни ккола щулияб ва къуватаб пачалихъалъул къучI.

Гьаб праздник ракI-ракIалъ баркула тIоцебесеб иргаялда киналго къварилъаби захIмалъаби нахъа тун саназ цадахъ гIумро тIамурал ва рокьулгун хисунгутIи бугел хъизаназда. Гьединго киналго хъизаназе, гьанже цадахъаб гIумро гIуцIарал гIолилазеги гьарула цоцада ричIчIи, цоцадехун адаб-хIурмат цIуни, тIалаб-агъаз ва рекIел хинлъи, талихI ва кIудияб рокьи щибаб хъизаналда, щибаб рокъоб! Лъан букIа, аслияб магIна хъизаналъул кколеблъи лъимал гIезари, гьезие лъикIаб лъай кьей, гьаб гIадатияб гуреб дунялалда гIаданлъиялде гьел куцай.

Нилъер район кидаго щулияб букIана хъизаналъулал гIадатазулъ. РакI-ракIалъ гьарула щивасе гьел щула ва гIемер гьаризе, лъимал лъикIал гIадамаллъун, нилъер букIинесеблъун гIезаризе тавпикъ кьеги. Риччанте нилъер районалда гIемер рукIине талихIал хъизанал!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

Номералда руго:

МФЦ: поддержка бизнеса



Макка бахъи



Поэзиялъул гьумер



ХIухьбахъиялда руго




## Рищиязде хIадурлъулаго

Араб анкьалда районалъул бетIер Г. НурмухIамадов дандчIвана росабазул бутIрулгун, бюджеталъулал учреждениял-организациязул нухмалъулелгун. Гьениб аслияб суал букIана цере ругел рищиязде хIадурлъи. РакIалде щвезабилин Россиялдаго рищизе цогояб къолъун лъазабун буго I8 сентябрь.

-«Росабазул гIадамал дандчIвазе ккола щибав кандидатгун, гьезда бичIчIизе ккола рищулез жидеего, улкаялъе, республикаялъе гьаризе ругел ишал, гьелдаса хадур рищизе ккола гьел тIаса,-ян бихьизабуна бетIерас. –ТIаса рищулаго тIадчIей гьабизе ккола гIаммаб къиматалда, гьелдаса хадур тIаса рищизеги ккола нилъер регион тIегьаялъе гьабулеб ишалъе гIоло рищулел гIадамал. Дагъистанги Россияги цебетIеялъе цолъизе ккола нилъ.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 28 (7220)*

*15 Июль 2016 сон*



Гьал къозда РДялъул Правительствалъул тIоцевесев зам. А. Карибовасул нухмалъиялда гъоркь гьоркьоб лъуна МугIрузул соналда хурхун «Цамаури» тIобитIизе бугеб Халкъазда гьоркьосеб культураялъул фестивалалде хIадурлъиялъул суал. Гьелде хIадурлъиялде кIвар буссинабуна киналго нухмалъулезул



## ЦIияб цIалул соналде



Араб анкьалда лъай кьеялъул нухмалъулелгун дандчIвай букIана бетIерасул зам, С. АрулмухIамадовасул. Гьенир гьоркьор лъуна цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул, гIуцIиялъулгун техникаялъул суалал. Экономикиял суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас гьединго рорхана школаздагун ясли-ахазда ремонталъулал хIалтIаби гьариялъе финансирование букIинабиялъул суалги. Жавабиязе кьуна тIадкъаял.




## Комплексная поддержка бизнеса.

**Разработана комплексная программа «МФЦ для бизнеса», которая включает в себя широкий комплекс услуг для бизнес-структур.Сегодня она насчитывает 114 видов услуг**, в рамках которых предприниматель может получить помощь различного характера.Начиная от подготовки документов для регистрации ИП или ЮР лица, до получения различного рода форм государственной поддержки. **Так через МФЦ предприниматель может падать заявку на получении субсидии от Минсельхоза РД.** В том числе, на развитие овощеводства,консервной промышленности, на приобретение сельскохозяйственной техники, раскорчевку многолетних насаждений,на поддержку племенного животноводства и многого другого.

**Например для получения субсидий на возмещение части затрат на приобретение нового технологического оборудования -в размере до 50 процентов от стоимости сельхозпроизводитель может обратиться в многофункциональный центр и предоставить следующий пакет документов:**

1. Заявление;
2. копия бухгалтерской отчетности за последний отчетный период;
3. справка- расчет причитающихся сумм субсидий ;
4. сведения о состоянии сельхозяйственного производства и целевых индикаторах. (по формам, утвержденным министерством сельского хозяйства и продовольствия РД);
5. копии документов, потверждающих приобретение технологического оборудования.

**При обращениив МФЦ предприниматель может получить также микрозаймы до 3 000000 (один миллион рублей) предоставляемые Фондом микрофинансирования субъектов малого и среднего предпринимательства РД. Процентная ставка установливается Фондом микрофинансирования в размере 10 % годовых.**

**В зависимости от размера займы выделяют три вида:**

**от 50 000 до 350 000,**
**от 351 000 до 500 000**
**от 501 000 до 3 000 000.**

# БухIараб токалъухъ гIарац кье...!

*(Данделъи бахIсалде сверана)*

**Унсоколо районалда бищунго бегIераб суалалдасан цояб ккола бухIараб электроэнергиялъухъ гIарац кьей. Гьеб суал гьоркьоб лъуна**



**I3 июлалда райадминистрациялда. Районалъул активалда дандчIвазе рачIун рукIана «Дагестанская сетевая компания» АОялъул управлениялъул директор Гьимат Гьиматов, «Гергебильские электрические сети» АОялъул директор Абакар ГIумаржанов, «Дагэнергосеть» Северияб Кавказалъул МРСК общества лъул бетIерав инженер МухIамад ХIанапиев.**

Районалъе кIвар цIикIкIараб гьеб суал гьоркьоб лъей чIамучIго инчIо, ритIухълъи балагьулаго гьениб лъугьана хIалуцараб гара-чIвари. Гь. Гьиматовас байбихьудаго бицухъе Унсоколо районалда гуребги тIолалго мугIрузул районаздаги буго токалъухъ гIарац кьеялда сверухъ хIалуцараб хIал. Ток чIезабиялъе буго тIадехун районазда гIемерал гIоларел рахъал. «Гьенир ругел захIмалъаби лъугIизаризе ккола киналго рахъалги хIисабалдеги росун. Гьединаб гара-чIвариялъе вачIаравги вуго дун. Нужеда гьеб кин гьабунги кьезабизе яги гьеб гьабизе нуж тIамизе вачIарав чи гуро дун,-ян абуна компаниялъул директорас. -Кутакалда бокьула ва хIурмат гьабула Унсоколо районалъул, хIурмат гьабула нужер бетIер ГI. НурмухIамадовасул, дирго гIадин ритIухълъи гьеб ишалъулъ балагьулев. Гьединлъидал вачIана нужгун гара-чIваризе».



Гьиматовасул рагIабазда рекъон щибаб рокъоб букIине ккола счетчикал, гьелъ гIумроялде рахьинарула киналго захIмалъаби. Данделъиялда кIвар кьурал суалазул цояб ккола гIодобегIанаб напряжение электричествалъул букIин, гьелъ гIемерисел росабазул гIадамаз токалъухъ гIарац кьезе инкарги гьабулеб буго. Гьединго бичIчIана Генуб, Балахьуни, Рихьуни росабалъ лъун ругел цIиял счетчикал цIаял ккеялъе гIиллалъун рукIин, гьелъ цIиял счетчикал лъезе ва гьезда рекъон гIарац кьезе гIадамаз инкар гьабулебги буго. «Дида лъаларо лъица ва щай моцIие 500 ва I000 гъурущ хозяйствалъ кьезе бихьизабурабали. –Лъала гьеб битIун гьечIолъи. Нижеца тIалаб гьабуралъухъ кьезе ккола гIарац, батIияб къагIида гьечIо»,-ян абуна гьес.

Амма гьоболасул пикро битIун рикIкIинчIо залалде ракIарараз. Гьединаб къагIида букIине кколин Унсоколо районалъе токалда хурхун,-ян чIана гьел. «Районалъул ракьал ГЭС балаго хвана ва гьанкъана. Гьелъухъ районалъе, гьелъул гIадамазе кьезе кколаан 9 млд. гъурущ,-ян бихьизабуна бетIерасул кумекчи М. ХIажиевас. -Дица тIалаб гьабула тока лъул районалда тIад ругел налъаби гьеб компенсациялъул гIарцудасан бецIи. Нижер интересалъе хIисабалде рекъараб хIукму къабул гьабизе ккола гьаб суалалда хурхун. Цо хасал гIадамазе гурони нижер компенсация щвечIо.

-Лъелъ гьанкъарал ракьазул миллиардал налъаби нижее кьезе тIад рукIадго щай нижеца токалъухъ гIарац кьезе кколеб?,-абураб магIнаялъул кIалъай гьабуна Унсоколо росдал бетIер М. МухIамадовасги. Гьес бихьизабуна; ГЭС базе лъугьунаго гьелъ зарал кьолел росабазе «меседил мугIрул» чIезаризе рагIи кьунин. «Щибаб рокъоре лъугьун цIулал, тIорччол цIа-кан бакичIого электроэнергиялъул хъулухъалде рачIа, нужее гIумроялъго канлъи букIине буго чIобого,-ян бицана гьезда»,-ян абуна МухIамадовас. -Гьанже хIакъикъаталда щиб ккараб? Ниж гуккана! Нижер хутIичIо ракьал – букIинесеб доходалъул ицц. Гьанже ниж тIамулел руго счетчикал лъун бугебги гIарац токалъухъ кьезе. Нижер росдал гIадамаз гIезегIан хIаракаталда 500 гъурущ кьолеб буго, кьотIи бугеб куцалъ, амма, тIаса лъугьа, гьебгицин щолеб гьечIо кколеб бакIалде. Киб бугеб гьеб? Кин лъелел росабалъ счетчикал? Абулеб буго гьел лъуниги добго 500 кьезе бегьулин. Амма гьеб буго гьереси. Дица гьедин дирго жамагIат гуккизе гьечIо. Суал тIубазабизе ккола гIадамазул кIанцIизе бакI тIагIинабичIого,-ян кIалъана М. МухIамадов.

Унсоколо росдал бетIерасул кIалъаялъул рахъ ккуна киналгоязде гIагарун росабазул бутIруз. Генуб росулъ гIемерал цIаял счетчиказдасан ккарав А. МухIамадовасги гьабуна гьединабго ццидалаб кIалъай. Амма я счетчиказул качествалъул, я гIадамазе ракьазухъ щвезе кколеб компенсациялъул суалал гьалбадерица рорхичIо ва гьеб хIалалдаса рорчIизе бугеб захIмалъиялъе нух батичIо.

Росабазул бутIруз тIадчIей гьабуна гIадамазе гIемераб санагIатбахъи бугин гIодобегIанаб напряжение букIиналъул. Цо-цо мехалъ гьеб тIаде бахунаро 110-I20 Вт. Хвезабула техника, гIадамазе ккола зарал. Гьединго буго захIмалъи I00 % токалъухъ гIарац кьезе ккеялъ, помещениялъухъ гIарац кьезе кколел гIадатиял гIадамазул кусбузда гьелъ квешго кьабулеб буго.

Ахиралда совещаниялда кIиябго рахъалъул кIалзулаб кьотIи-къай ккана росабалъ счетчикалги лъун, дагь-дагькккун налъи лъугIизабизе. Дагьабго гIодорегIан рачIине руго сеталъулаб компанияги, амма бихьизабуна I00% кьезе ккколин. БатIайиса букIинеги гьечIин. Гьединго кIиябго рахъалъ бихьизабуна оплатаялъул системаялъулъ «прозрачность» букIине ккколин.

**(Нижер мухбир)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 28 (7220)*
*15 июль 2016 сон*

*3 гъумер*

# Ислам
Шаригӏат, тӏарикъат



# Макка бахъиялъул турки

*(Аварагасул (с. т. гI. в.) авараглъиялъул байбихьулаб заман)*

Инхоса ГIАЛИХIАЖИЯВ

АлхIамдуллилагь, Аллагь, тIолго рецц дуе буго,
ХIамдлъун бугеб милкалъул Малик мун тарав гьечIо.
Цинги салатгин салам аварагасде буго,
Агьлугин асхIабзаби гьесда кIочон тун гьечIо.
Макка шагьар бахъизе гIилла щибан гьикъани,
ГIин тIамун бихьея, халкъ, бицинин нужедаго.
Аллагьасул расулас инсул росу босараб,
Сабаб лъазе бокьани, лъай гьаб тIехь киназдаго.
ХIижаз гIарабиязул кIиго кьибил букIараб,
Цояб бану бакрулал, цинги хазагIатилал.
КIиябго кьибилалда цо-цо гьудул вукIарав,
Цоцаде мех-мех бихьун, хьвади гIадатлъун ккарал.
Цо къоялъ гьав бакрулав, базаралде къасд гьабун,
Божилъиялъ рештIана жан хазагIатиласде.
Божун вачIарав гьудул хатир хун теларилан,
Цеве лъугьун вилъана яхI бугезул нужедаде.
Тукеналда гIагарлъухъ бакрулазул квешав вас,
ХIетIе жиндир хъуштIидал, ХIабибасде хьандана.
Гьеб хьамиялъ ракI унтун, кIутIун нахъе балагьун,
ЛъикIав хазагIатилас кIалъай берцин гьабуна.
Жиндир керен унтизе квешаб хьами гьабидал,
Кинго ракI хIалхьун чIечIо, хIалалда бакрулав тун.
ХIабибасда рекъечIеб вири-вари бициндал,
Варанидул махIабаз чучIун лъуна цим бахъун.
БетIер бухун бакрулав борхьазе ракьулъги лъун,
Кодоса давла гьабун, дурун рокъове щвана.
Рокъове щун, гIодов чIун,чIужуялда бициндал,
Баркала кьун, квер босун, салам гьабун баана.
Гьединан гьеб хIалалда квана-гьекъон рукIадго,
Квешаб хабар бачIана бакрулазул бодасан.
Нижер бодул багьаяв багьадур чIван къаникь лъун,
Къо нижеца рукIкIани, къасаблъаги нижер гьан.
Набиясе хIал кьолел бану хазагIатилал,
Боял гьарун къачIана бакрулалгун рагьизе.
ХIабибасде хьандарав хьалихьат чIван чIечIони,
Теларо нуж Аллагьас бокьанщинаб гьабизе.
КIиябгоги боялъул бер цоцаде речIчIидал,
Бану хазагIатилаз мугъ бана Маккаялде.
Бакрулазул боялъул кутак цIакъаб батидал,
Аман гьарун роргана хан Абусупяниде.
ТангIималде данде ун, дов Абусупяница,
Жиндехун гIарз бахъидал Маккаялде рачана.
Маккаялъул ханзаби данделъун диван гьабун,
Дурунадваталда тун, божи аман гьабуна.
Гьединан гьеб хIалалда бальго тIагIатги гьабун,
Бану хазагIатилал берцинго жанир чIана.
Маккаялъул агьлуги, кьер-кьераб квенги гьабун,
Ригь бихьун тIаде хьвадун, хIалае цадахъ чIана.
Гьезул хабар рагIидал, хадубго чабхен гьабун,
ТангIималда рештIана бакрулазул аскарал.
Нижер тушбаби хьихьун телариланги абун,
Рахъ-рахъалъан рештIана Супяниде расулал.
Искандарил сад гIадин маххуца къараб къотIи,
Биххизе разилъана, бакрулал тIаде щведал,
Гьезул чIахIияздаса чараго гьечIеб гIадин,
Чучун ккана сардида рицIимахIаби тIерен.
Цеве вилъун нух бацIцIун, хадур бакрулал рачун,
Сордо бащалъилалде рещтIана ХIарамалда.
Сардида цIогьод унел цIуял бацIал гIадинан,
ЦIаруцIун гьорлъе ана гьапуллъараб гIужалда.
Дурунадват абулеб диван рукъалда жаниб,
Божигун аман хвана, хазагIатилал чIвана.
Хиянаталъ куцарал бакрулазул илбисал,
Абусупянгун цадахъ жал мурадалде щвана.
Къурбаналъе хьвехъулел хъахIал куйдузул гIадин,
Хьата-масан къотIана мискинзабазул бутIрул,
Хьвадарулев катибас кагъат басунеб гIадин,
Рас-расана хучдуца хвелалде цере курмул.
Огь, дир каранзул бухIи бахIарзазул хвалида,
Хиял гьечIеб рахъалъан регьун тарал балагьал.
Цинги хьухьладул хехлъи хIал гьабун гьурараздa,
ХIабиб хиралъунилан хвалчаца къотI-къотIарал.
Бакъ-моцIалъул гIадинан цIар рагIарал бахIарзал,
ЦIан рехьерхьун рехана авлахъалде хьурмазе.
ЦIар бугел гьуназул гьел хазагIалилазул,
КIихIиго чи хутIана хIажалъидал харбие.
КIиявгоги багьадур авлахъалде рахьиндал,
Цоцазда зигар гьабун, аскIор рукIун гIодана.
ГIагаразул бидуца партал белъун батидал,
Цо гIенеккун, цоявас ахIун магIу гьабуна.
Аллагьасул къадарал къотIизе кIвечIониги,
Гьеб къадаралъе сабаб живго аварагвуго.
Къо щварал нахъе толел гIадатто гьечIониги,
Нилъ руссине рекъараб досул Мадина буго.
Гьединаб гьеб къасд гьабун къварилъи тIаде босун,
Сордо-къоялъ чIечIого рештIана ТIайбаталда.
ТIайбаталде жал щведал, ТIагьаясул бакI цIехон,
Хваралги ракIалде щун, рештIана азбаралда.
Сах бугеб гьумералда кIутIун берал речIчIидал,
КIиявгоги гIодана рахIмат щвеялда хьул лъун.
ХIабибулагь хьвадухъе хьвадулеб нур бихьидал,
Хьолбода гIодов чIана гIагаразухъ ракI унтун.
Пурман кьеялда алан кIалъана кIиявгоги,
Агьлуялъе гьабураб бицана щибабгоги.
РукугI гьабун, какал ран, гIагIаталда рукIаго,
ТIаде кIанцIун квер биххун, хьвехьана киналгоги.
Пенекке, ХIабибулагь, хIакъав Бичасул расул,
Къварилъи тIаде щварал щиб хIалалда хьвадилел?
Мун какарав бакрулав цо нижерас чIванилан,
ЧIва-чIван ранин сардида, кирехун ниж рилъинел?
Харбидаса кIиялго ратIалъун хадусала,
Угьун хIухьелги биччан, ХIабиб гIемер гIодана.
Гьезда тIаде бачIараб балагьалъул цIакълъиялъ,
БухIараб магIу чвахун, гIодоб чIабар буцана.
Гьединаб гьеб кIудияб балагь тIаде бачIиндал,
Макка агьлуялдехун аман гьарун кин инчIел?
Гьеб залимаб къавмалъул заралалда хIинкъидал,
Абусупянидехун ахIи бан кин рортичIел?
Макка агьлу гуреца гьаб нижее гьабичIо,
Абусупян таравас тушбаби тIаде гьечIо.
Чадралги чIван киналго рагIалда гIодор чIана.
Лачен тIаде щвелалде тIанчIазул берал гIадин,
Мухтар вачIунеб нухде балагьи даимлъана.
Мухтарасул рокъобе бодул хабар рагIидал,
Къокъана хехго тIаде асхIабзабиги рачун.
Аллагьас квегьун кьураб бодул кутак бихьидал,
Хьимун велъун вохана, Бичасе щукру гьабун.
Мугьажиразда аскIор ансариял хурхана,
Хазражгин дол авсидал ахIун данде гьаруна.
Надул ясгIуб гIадинан асхIабзабазда цеве,
Анлъабго рахъалъ нур бан, аварагтIаде щвана.
Аварагасул къокъа къачIан тIаде щвелалде,
Къулдабиги тIад ретIун, мухъал гьарун рахъана.
Мухтарасул камиллъи киназдаго бихьидал,
Накабазда хIал гьабун, хIатIикьа ракь баана.
Зобалазде хъатал ккун, дугIа жинца гьабуна,
Гьаб дир баркат бугеб бо, давла щун борхагиян.
Гьеб жиндир дугIаялде бодуца амин абун,
РигьтIа нахъе вуссана хекко къачIазейилан.
Хъатамасан рокъов щун, къачIазе къасд гьабуна,
Гьаракь берцинав Билал ахIтIезе тIамун ана.
Зулпукъар ГIалихъе кьун, къазиб ГIумарихъе кьун,
КъотIи цIакъаб цо хвалчен жинцагоги борчана.
Рукъалъул агьлуялда, къо лъикIилан абуна,
Къварилъи тIад бетарал, тархъан гьарун риччана.
ХIажалъидал жиб балеб зобалазул цIад гIадин,
Пашманлъарал рухIазул хIалал хвезе гьаруна.
Пажаиблъи, хIикмалъи, ХIабибасул гIакъиллъи,
ХIал квешал тушбабазде досул доб бахIарчилъи.
Жаниб рекIел цIодорлъи, кIал-мацIалъул пасихIлъи,
КIудавшинав чиясул досиесеб мукIурлъи.
ГIали, ГIумар, ХIамзатил досда аскIоб загIиплъи,
Зубайрил гьунаралъул гьавгин цадахъ хIакъирлъи.



Божи гьабун хадуса хиянат ракIалде ккун,
Хвезе гьарун гурого гьел рокъоре руссинчIо.
Цоцада хъатти кьабун цингиги киналгоги,
Маккаялде балагьун ахIун гьаракь гьабуна.
ХIалихьатал гьунарал хIалхьезегIан гьареян,
Абусупянидехун щцим бахъун гаргадана.
АбулхIасанги ахIун, кагътал хьвана кирего,
Кагъат щун хадусала, щва диде тIадейилан.
Гьал хазагIатилазе къисас босун гурого,
КъватIив вахьун хадуса нахъе вуссинарилан.
Шагьру рамазаналъул тIоцебесеб къоялда,
РачIине байбихьана баркат бугел аскарал.
Рамазан бащалъараб замана бачIинегIан,
РачIунелго къотIичIо къогин сардил сагIаталъ.
Данделъарал боязул хIисаб гьабулеб,
ХIал бугел аскаралъул сияр кинан бицинеб?
Муридасил ГIабасил, ХIассанидe тIаде ун,
ХIал бихьараб лъачIесул, керен кинан лъикIлъилеб?
Лъабкъоялда анцIила кIиго цевехьанасул
АнцI-аза-азаргIаги къулдабазул бо гIуна.
Къвал бан гьалбацIал кколел гьазизабазул чуял,
Чабхъен гьабун, махх букъун, Мадинаялде щвана.
Мадинаялде щведал чуяздаса рештIана,
Валидил вас Халидил, дов вихьидал, хараблъи,
ДихIятул Калабилги данде кведал коцокълъи.
АхIламул бариятас ХIарам бахъулеб лъайдал,
ХIабиб абурав асхIаб ватIалъун рокъов ана.
БатIи-батIиял боял ТIайбаталде рачIиндал,
БатIхIаалде битIизе балъгояб кагъат хьвана.
Кагъат кодоб битIизе кисандай чи щвелаян,
ХIисаб гьабун, хIал хисун, ХIатIиб къватIив вахьана.
ХIабиб тIаде щвелалде щулалъун чIечIонани,
Щиб къодай бихьилаян къурайшияхъ гIодана.
Маккаялда йижарай, Жамалалда рекIарай,
Жарадатан абурай цо чIужу тIаде щвана.
Мадинаялда ругел гIагаразухъ балагьун,
Гьемерай кватIичIого, нахъ юссуней ятана.
Жарадатил хIур бихьун ХIатIиб тIаде вахьана,
ХIал бицараб цо кагъат гьалалъ хьухьун битIана:
«Мадина гьаргьадулеб чуязул боги бачун,
Чабхъен гьабун, авараг нужехъе унев лъана».

**(Хадусеб букIине буго)**



# Поэзиялъул гьумер

(ЦIалдолезул асарал)



## Ансадерил ГIинтIилъар

Иццалги тIокIкIараб, тIегьги берцинаб
ТIураб мегIерилан, МахIмуд угьдараб,
Дур ракьанлъабазда, иццалги цолъун
Эхебе битIулеб, чапар ГIинтIилъар.

МахIмудил тIобачIеб, анищ бакIлъиялъ
Бижанадай согIлъи, дур карачелалъ
Хъуди гьалаглъидал, дур хIабургъиналъ
ХIама лъолеб Щугъиб, Авар гIор къотIун.

МунгIадал лъаразул, лъвараб Сулахъ гIор
ГIаламалъе канлъуй бакараб чирахъ
ЧIухIизе бегьила мунги, ГIинтIилъар
Дурги бугеб бутIа, ГЭСал раялъулъ.

Ансадерил ахаз, дур лъеца лъалъан
Лъурал столазда тIагIамал пихъал.
ТIалил наял гIадин ахикь хIалтIулел
Ясаца ахIарал, МахIмудил кучIдул.

Заводалъул цехалъ банкабиги къан,
КъватIир улкабазде, битIараб компот,
Гьоболъухъ вачIарав Фидель Кастроца
Кванараб дур ахил тIагIамаб гени.

Чвахун рарал цIадаз гьалаглъаниги
Гьабалцин хIалтIарал, дур лъел кумекалъ.
Исиласул цIаназ къечедал рештIун,
Къойил гьекъараб мун, бакъ багIаридал.

Огь, демократия дур двargъи-дванки
Лъара мухъаздацин бахъараб баркат.
Дур лъеца тирулел турбиназ кьолеб
Доходаз рорхулел къватIир кIалгIаби.

Ансадерил ахакь, ракъварал гъутIбуз
Дуда гIайиб чIвачIо, согIаб ГIинтIилъар.
ГIайиб тIадчагIазда, тIом биццалъарал
Гьавуди кIочарал, цIогь гьуинлъарал.

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

## ГIонкIкIол хIинкъаби

ГъалбацI гIадаб катида гIункIкI бугоан тIаделъун
ТIокIалъ жиндий чан къани, чехьги бихъун рехилин,
Тукадул нахъ рокъобги жиб букIине бугилан,
КIодол цагърнисаги, дун камизе гьечIилан.
Гьелда долда дандечIун дий къварилъи гьабуни,
КъватIул кутулги ахIун, квешго бухизе бугин.
Бохдул гъурун, гьеж бекун, бусада лъезе бугин
Лъай-гIакъло тIагIинегIан гIазабал кьезе ругин.
Гьедин бокьун гьечIони, босе дица кьурабги
Кьурун михъалги рацIцIун, буцIухIун букIайила.
ГIакъло бугеб катида, гIонкIкIол калам чIалгIана
ЧIваркьун кIиябго бергун бетIер тIаде борхана.
РачI хьвагIизе гьабуна, квачIаз гьумер лъухьана
ЛъикIго гIин тIамейилан, хитIаб гьабун кIалъана;
КIодо херлъун йигин те, тукенчи хунищ вугев
Ханлъи гьабун кинабго, дур квершаликь букIине?
Дуе лъикIаб жо буго лъикIав адвокат кквезе
Киналниги гьалатIал, гьесда цере рехизе.
РахIатаб гIумроялда, дур тIокIалъ хьулго лъоге
КIулал рахараб туснахъ, духъ балагьун чIун бугин.
Кинабниги магIишат конфисковатьги гьабун
Гьабулеб тамихIалъе хIадурун букIайила,
Россиялъул законалъ хIукму дуе цIалила
АнцIабго сонги къотIун, Сибиралде битIила.

— — — — — — — — — — — — — —

### Солдатасул кагъат

Воре мун чучуге, чарангIадай яс
Чанго сон аниги сабруялда чIа,
ЧIарбида кьижарав, кьоге дий суал
Сварал дир бераца кьоларин жаваб.
Дун кьижулев вуго кьалул байдабахъ
Берцинаб дур сурат карандаги къан,
Киданиги дуда бицине кIвечIеб
Бица хъвалеб буго хъахIаб кагътида.
Цонигияв гьалмагъ тIаде щванани
Щвелеб батила гьаб духъе цIализе,
ЦIале гIодой йиччан, гIедегIичIого
ГIодуге, гьарула, гьелде ялагьун.
Гьаб дир ахирисеб дуде аманат
Ясбер гIадин цIуне, цIадай кканиги,
ЦIакъго духъ чIалгIани чIел босаралъухъ
Батила дуда цIар, цIадуца хъвараб.

### Гьарулеб буго дуца

ХIикматаб дур гьаракьалъ
Диде ахIулеб буго
ХIасрат бергьараб рекIел
КIалгIаби рагьейилан.
РахIат хвараб гьаракьгун
Дица жаваб гьабула
Гьелъул кIулал риланин
Радал къо къалъилалде.
КъанагIатаб гьимигун
Гьарулеб буго дуца
Гьудул тIад юссайин
ТIокIалъ хилиплъиларин.
Хиялалъ вас-васдигун
Дица абулеб буго
Савуялъ бухIараб тIегь
ТIокIалъ чIаголъуларин.

### ГьитIинаб лъимер

Дир мадугьаласул гьитIинаб лъимер
Гьуинлъи тIагIараб гIасруялъул тIинчI,
ТIабигIат хисараб гьаб дунялалда
Дуе хIадурараб хIукму щиб бугеб?
Щиб лъалеб дур гIелалъ гIелмуги цIалун
ЦIидасан гьаб дунял цIилъун инеблъи,
ЦIоб гьечIел гьачагъал гъурунги тIагIун
ТIегьараб гIумрогун гIун вачIиневлъи.
Нилъер умумаца ирсалъе тараб
Намусги, ияхIги дулъ батулеблъи,
ВатIаналъул тIадкъай тIубазабулев
ТIалъигIо чIухIарав вас мун гIелевлъи.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**
**Рихьуни росу.**

## ХIухьбахъиялда руго

Дагъистаналдаго машгьураб буго нилъер районалъул «ТIаса ГIашилтIа» бугеб спортивиябгун сах гьариялъул «Сосна» лагерь. Щибаб соналъго гьенире рачIуна Дагъистаналъул батIи-батIиял районаздаса, гьединго нилъер районалдасаги хIухь бахъи гьабизе лъимал.

Исанаги гьеб лагерь хIалтIизе байбихьана I2 июналдаса нахъе. Лагералда ругел лъималазе чIезарун руго киналго санагIалъаби. Щибаб къоялъ воспитателаз ва вожатияз гьезие гьарула физрукгун цадахъ батIи-батIиял спортивиял къецал: рекери, кIанцIи, турникалда цIай, торгIо хIай, кросс, кварал цIай ва цогидабги. Гьединго сверухъ бугеб тIабигIат лъазабиялда хурхун лъималазе бицуна гъветI-хералъул, хурдузул хIакъалъулъ, рачуна экскурсиязде. Щибаб къоялъ радалги къасдеги гьабула линейка. Гьениб бицуна тIубараб къоялъ гьаризе ругел тадбиразул, ккарал хIасилазул. Буго гьезул хасаб хIалтIул план, къоялъ гьаризесел тадбиразул сияхI.

Щибаб къоялъ воспитателазги, вожатиязги, лагералъул начальникасги данд бала нахъисеб къоялъ гьаризе ругел тадбиразул. Повараз хIадурула къойида жаниб 4 нухалъ хинаб, тIагIамаб квен. Зама-заманалдасан лъималазухъе щвезе рачIуна гIемерисезул эбел-эмен. Гьелги цIакъ разиго уна лагералда бугеб чIагояб ахIвал-хIалалдаса.

Кинабго ишалъе бажарун, кIвахI тун хIалтIи гьабулеб буго лагералъул начальник МухIамадгIалиев МухIамад Лабазановичас. Лагералде рачIаразул къадар тIоцебесеб потокалда араб соналде дандеккун гIезегIанго цIикIкIун буго гьениб.

***Сулейман МУХIАМАДОВ.***

## Баркула, Аминат!



МугIрул чIужугIадан, ансадерил яс
Тирана цойги сон, дур гIумроялъул,
Кьурабаз куцарай, мун магIарулай
Лъабго барки буго, Аминат дуе.

Мун гьаюраб къоги кIал биччан гIидги
КIиябго цадахъ ккун ракIалде щварай,
МустахIикъаб хIалхьи, баркула дуда
Парахатго регIе, хутIараб гIумро!

РикIкIен тарал соназ гьабураб хъулухъ
РакI бацIцIадго дуца тIубазабуна,
Гьанже мустахIикъаб хIалхьуда лъикIин
ЛъикIалчагIаз, дуе, диван къотIана.

МустахIикъаб хIалалъ мун тIойитIизе
Данделъизе анищ къайицадахъал,
Баркалаян абун рагIи абизе
Рекъон букIинаан, рарал саназе.

РикIкIадал гьалбалги гIагарал, дуе
ГIагарда ругелги рокъоса, дуе,
РекъечIеб пишадул гIамал кIудазда
Рекъон кколеб рагIи кIалдиб батулей.

Инсулаб рокъой, мун, гогьдарун гIечIо
Гогьар бараб гIамал, кисан дуй щвараб?
Аваданаб ракIги, кепаб каламги,
ГьитIинал – кIудалгун цадахъ рекъейги.

Унтиялъ къвал барай, гIажизай эбел
Нако сукIичIого гьабуна хъулухъ,
Дурго сахлъиялъул, сан гьабичIого
Сакъатлъи ккаразда гурхIел кIудияй.

Йиссараб рукъги дур къварид батичIо
Иман бугев ккана, гIумрудул гьудул,
Васгун-ясаздалъун, бетIер къуличIо
Дуца малъаралъе мукIурал руго.

Росуцояздехун хIал лъикIаб ккурай
ХIал рекъарал ккаги данделъанщинал,
ГIага-божаралгун бухьен щулияй
Щулияб сахлъи кьун, йохун тайги мун.

Баркула, дуда гьаб мун, гьаюраб къо
Баркула дуда гьаб, байрамалъул къо,
МустахIикъаб хIалхьи баркула, дуда
Дуего бокьухъе тайги Аллагьас.

***Нижги дуе сахлъи-рохел гьарулел гьудул-гьалмагълъи, диналъул яцал.***

---

**ЛЪАЗАБИ**

Шамильхъалаялъул школалъ ХIамзатов Шарип МухIамадовичасул цIаралда кьураб, А сериялъул № 9242600 бугеб аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 14.07.16 г. 16.30
фактически -17.45 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.